



Agriculture and Markets

The industry specific guidance below was developed by the Department in response to the pandemic and is no longer mandatory. These archived documents are made available as a public reference and resource only.

Industry partners should refer to [New York Forward Guidance](#) for the most up-to-date information regarding COVID-19. For more information, please visit <https://agriculture.ny.gov/coronavirus>.

Enstwiksyon Pwovizwa pou Prevansyon ak Entèvansyon pou COVID-19 nan Fèm yo

Revize nan dat 27 me 2020

Yo te bay enstwiksyon sa a pou pwopriyetè, operatè fèm yo ak travayè nan fèm yo pou ke yo ka enkòpore pwosedi sa yo nan pwotokòl fèm yo pou anpeche epi fè entèvansyon kont COVID-19.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202 \(Executive Order 202\)](#), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York.

Sispann Pwopagasyon an

Yo ta dwe afiche [afichaj](#) ki ranfòse distans sosyal (6 pye), lave men, ak sante respiratwa nan kote moun ka byen wè yo pou fè pwomosyon mesaj sa a. Afich yo disponib nan [lang altènatif yo](#) tou.

Ijyèn Men yo

Nou ta dwe lave men nou regilyèman ak savon ak dlo, pandan omwen 20 segonn:

- Anvan ak apre ou manje.
- Apre ou fin estène, touse, oswa mouche nen ou.
- Evite manyen figi ak cheve ou.
- Apre ou sot nan twalèt.
- Anvan ou manyen manje.
- Apre ou fin manyen oswa netwaye sifas ki ka kontamine yo, ki enkli telefòn ak/oswa rad yo.
- Apre ou fin sèvi avèk ekipman ak materyèl ke plizyè moun itilize yo.

Etabli epi byen jere espas kote moun ka

lave men yo ak ekipman dezenfeksyon yo nan tout espas komen nan travay ak lojman yo ki enkli savon, dlo ak papyè ijyenik. Yo ka bay tou dezenfektan pou men ki gen omwen 60%

Ki mezi ou ta dwe pran?

Tout fèm yo dwe kontinye netwaye ak dezenfekte enstalasyon yo regilyèman.

An plis de sa, kote ki gen anpil risk yo (gade pi ba a) dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon yo yon fason regilye.

Kenbe distans sosyal omwen 6 pye (2 mètr) ant tout travayè yo ki nan etablisman espas travay ak lojman yo. Mete mask ki kouvri figi yo lè yo an piblik epi pa ka kenbe distans sosyal yo. Mete mask ki kouvri figi yo lè yo nan veyikil ak lòt moun yo.

Kowòdone ak Depatman Sante Lokal yo (Local Health Departments, LHDs) sou evalyasyon travayè yo ak akomodasyon lojman ki apwopriye pou travayè yo.

Travayè yo: Swiv tout etap ki endike nan afich "[SISPANN PWOPAGASYON AN \(STOP THE SPREAD\)](#)". Epi tou, itilize yon mask ki kouvri figi ou si ou nan prezans lòt moun lè ou pa ka kenbe distans sosyal la.

Si yon moun ki gen COVID-19 ke yo te konfime nan laboratwa epi li te montre sentom yo oswa li te pozitif pandan li te nan fèm ou an:

Chèche swen medikal imedyatman pou moun sa a epi kontakte depatman sante lokal ou a. Netwaye epi dezenfekte tout zòn nan.

alkòl yo pou travayè ki gen men ki pa sal yo. Dezenfektan pou men yo pa efikas kont men ki sal anpil yo.

Ijyèn Respiratwa ak Mask Ki Kouvri Figi yo

- Kouvri figi w lè w'ap touse ak estène avèk mouchwa papyè oswa avèk kwen koud ou.
- Jete mouchwa ki sal yo imedyatman apre nou fin itilize yo.
- Nenpòt moun ki gen laj plis pase de ane epi ki ka sou plan medikal tolere yon mask pou kouvri figi yo dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask pou kouvri figi yo lè yo nan yon espas piblik epi pa ka kenbe distans sosyal yo konfòmman a [Dekrè Egzekitif 202.17](#) ak [Dekrè Egzekitif 202.18](#), ak ektansyon ki vin apre yo. Sa enkli tou pou yo mete mask pou kouvri figi yo lè yo nan veyikil yo Nou ka jwenn enfòmasyon adisyonèl sou paj [Enstwiksyon Pwovizwa ki nan Dekrè Egzekitif 202.17 ak 202.18 Ki Mande Moun Mete Mask pou Kouvri Figi yo Lè Yo An Piblik Pandan Epidemi COVID-19 la, ki te pibliye nan dat 17 avril 2020 \(Interim Guidance on Executive Orders 202.17 and 202.18 Requiring Face Coverings in Public During the COVID-19 Outbreak, April 17, 2020\)](#).
- Konpayi travay yo dwe bay travayè esansyèl yo mask gratis pou kouvri figi yo, pou yo mete lè yo ap fè entèraksyon ak popilasyon an konfòmman a [Dekrè Egzekitif 202.16](#), ak ektansyon ki vin apre yo. Nou ka jwenn enfòmasyon adisyonèl sou paj [Enstwiksyon Pwovizwa ki nan Dekrè Egzekitif 202.16 Ki Mande Mask pou Kouvri Figi pou Anplwaye Piblik ak Prive yo Ki Ap Fè Entèraksyon ak Popilasyon an Pandan Epidemi COVID-19 la, ki te pibliye nan dat 14 avril 2020 \(Interim Guidance on Executive Order 202.16 Requiring Face Coverings for Public and Private Employees Interacting with the Public During the COVID-19 Outbreak, April 14, 2020\)](#).

Distans Sosyal

Kenbe yon distans 6 pye (anviwon 2 mètr) de lòt moun yo pou minimize pwopagasyon COVID-19.

- Sipèvizè epi raple travayè yo pou yo kenbe yon distans 6 pye pandan tout orè travay yo. Sa ta dwe rive nan tout lokal yo, ki enkli tèren, vèje, vinyòb, enstalasyon anbalaj yo, espas kote yo tire lèt, granj yo, elatriye.
- Gaye travayè yo ki nan liy/koulwa yo.
- Ajiste sikilasyon pwodwi yo pou enspeksyon ki apwopriye oswa triyaj ak mwens travayè nan liy yo.
- Travayè yo dwe mete mask pou kouvri figi yo lè yo an piblik epi lè distans sosyal yo pa posib.
- Moun ki gen aktivite travay ki pèmèt yo gen yon distans separasyon ki pi plis pase 6 pye yo pa bezwen mete yon mask ki kouvri figi yo, amwens ke yo anba kondisyon karantèn (gade anba la a).
- Itilize yon mezi ak tep oswa yon baton pou mezire pou demontre yon distans 6 pye, ki se anviwon longè 3 bra yon granmoun gason an mwayèn.
- Konseye travayè yo pou yo evite reyinyon sosyal fizik dirèk yo, tankou bay lanmen, akolad, kore koud oswa pwen yo, epi ankouraje yo voye men epi souri olye de sa.
- Bay tan ak espas ki apwopriye pou travayè yo ka make lè yo kòmanse ak fini orè travay yo, pandan ke yo ap kenbe yon distans apa ki apwopriye.
- Fè reyinyon ak fòmasyon yo an ti gwoup, pou ke travayè yo ka kenbe yon distans 6 pye epi toujou tande moun k'ap pale a.

- Bay espas pou ka pèmèt travayè yo kenbe yon distans 6 pye youn de lòt pandan peryòd poz yo ak lè y'ap manje.
- Evite monte nan veyikil yo pataje ak lòt moun yo, kote yo pa ka kenbe distans sosyal yo. Mete mask ki kouvri figi yo lè yo nan yon veyikil.

Netwayaj Regilye yo

Pratik Kontwòl Enfeksyon Estanda yo

Nan kad pratik kontwòl enfeksyon estanda yo, netwayaj regilye yo ta dwe fèt yon fason ki minisye epi an pèmanans. Operatè yo dwe bay moun yo materyèl ak tan netwayaj yo pou yo ka fè netwayaj regilyèman nan espas travay yo ak nan lojman yo. Sifas yo manyen pi souvan yo dwe jwenn priyorite pou netwayaj regilye yo paske sifas sa yo ka vin rezèvwa mikwòb ak yon mwayen transmisyon pou COVID-19 la.

Kèk egzanp zòn priyorite pou netwayaj regilye yo gen pami yo:

- Sifas ki gen anpil kontak ke anpil moun diferan te manyen yo, tankou bouton limyè, volan yo, istansil yo, ranp, manch charyo, bouton ekipman, transpotè yo, manch tank yo, ekipman plizyè moun itilize yo ak manch/seri pòt yo.
- Sistèm alimantasyon yo.
- Kontenè depo yo.
- Atè a ak mi yo.
- Poubèl.
- Twalèt.
- Twou ayerasyon pou chalè ak lè kondisyone.
- Sifas orizontal ak enstalasyon limyè yo.
- Ekipman moun itilize souvan yo.
- Inifòm, ekipman pwoteksyon ak/oswa twal yo.

Idantifye epi regilyèman netwaye ak dezenfekte kote ki gen anpil risk yo, menm anvan ke gen yon ka COVID-19 ki konfime.

Kèk egzanp kote ki gen anpil risk yo gen pami yo:

Mezon Anbalaj, Sal Depo, Espas yo Tire Lèt yo, Granj, Remiz, ak Sal Estokaj yo

Egzanp sifas moun manyen souvan:

- Ekipman plizyè moun itilize;
- Kontwa, tab ak chèz;
- Manch ak plak pou pouse pòt;
- Levye yo ak volan yo;
- Ranp;
- Tiyo nan kizin ak twalèt yo;
- Sifas ekipman yo;
- Bouton ekipman yo;
- Bouton limyè;
- Telekòmand yo;
- Telefòn, klavye ak aparèy elektwonik yo pataje ak lòt moun yo;
- Espas pou dòmi ki pataje.

Remake: Gen sifas oswa ekipman ki difisil pou netwaye oswa ki sansib a likid yo. Lè plizyè moun sèvi avèk yo, yo ka kontribiye nan transmisyon endirèk.

Kote ki gen ekipman plizyè moun itilize yo dwe poste afich sou bon jan ijyèn pou men yo anvan ak apre itilizasyon ekipman sa yo, pou minimize transmisyon maladi a. Epi tou, konsidere sèvi avèk kouvèti pou klavye pou pwoteje materyèl ekipman ki difisil pou netwaye yo kont likid ki tonbe epi fasilite netwayaj yo.

- Netwaye epi dezenfekte regilyèman sifas/ ekipman yo itilize souvan yo.
- Jete oswa lave sèvyèt/rad yo apre chak itilizasyon.

Twalèt yo

- Netwaye epi dezenfekte tout sifas, enstalasyon, manch pòt, plak pou pouse, ak bouton nan twalèt yo (omwen yon fwa pa jou).

Sal a Manje/Sal Repo

- Netwaye epi dezenfekte kontwa yo, tab yo, ak chèz yo regilyèman (omwen yon fwa pa jou).

Vestyè yo/Chanm a Kouche yo

- Netwaye epi dezenfekte sifas, tab, chèz, kabann, manto ak bifèt yo regilyèman (omwen yon fwa pa jou).

Lòt Sifas oswa Ekipman oswa Zòn yo Manyen Souvan

- Netwaye epi dezenfekte sifas yo manyen souvan peryodikman, jan konsiderasyon fonksyonman yo pèmèt (omwen yon fwa chak jou).

Netwayaj ak Dezenfeksyon

Netwayaj yo ap retire mikwòb, salte, ak salte sou sifas yo oswa bagay yo. Dezenfeksyon yo ap touye mikwòb ki sou sifas yo oswa bagay yo.

Yo ta dwe bay travayè fèm yo materyèl pou fè netwayaj ak dezenfeksyon ak enstwiksyon sou jan pou yo itilize materyèl yo, pou alafwa espas travay yo ak espas lojman yo. Yo ta dwe bay moun sa yo ki responsab pou fè netwayaj ak dezenfeksyon yo ekipman pou pwoteksyon yo epi yo ta dwe itilize yo (pa egzanp, gan yo) jan yo rekòmande sou etikèt pwodwi yo. Byen li epi swiv tout enstwiksyon ki sou etikèt yo pou itilizasyon san danje epi ki efikas.

Etap 1: Netwayaj

Toujou netwaye sifas yo anvan nou itilize dezenfektan yo, pou kapab redwi salte epi retire jèm bakteri yo. Salte ak lòt materyèl ki sou sifas yo ka redwi efikasite dezenfektan yo. Netwaye sifas yo ak dlo ak savon oswa detèjan pou redwi salte epi retire jèm bakteri yo. Pou konbinezon pwodwi ki ka alafwa netwaye epi dezenfekte yo, toujou swiv enstwiksyon ki nan etikèt espesifik pwodwi yo pou ka asire ke ou itilize yo yon fason ki efikas.

Etap 2: Dezenfeksyon

Nou dwe fin fè netwayaj espas ki gen salte yo anvan nou fè dezenfeksyon, pou asire efikasite pwodwi dezenfektan yo. Sèvi avèk [lis pwodwi](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) yo ki anrejistre nan Eta New York epi ke yo idantifye kòm pwodwi ki efikas kont COVID-19. Lis sa a koresponn ak sa Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal la (Environmental Protection Agency, EPA) te idantifye yo. Anrejistremant nan DEC pa pral ekri sou etikèt pwodwi dezenfeksyon yo. Si ou gen nenpòt kesyon sou anrejistremant pestisid nan NYSDEC, tanpri rele Biwo Jesyon Pestisid (Bureau of Pesticide Management) NYSDEC a nan (518) 402-8748. Si pwodwi sa yo pa disponib, dezenfekte sifas yo avèk yon dezenfektan ki anrejistre nan EPA ak DEC* ki gen etikèt ki di li efikas kont rinoviris ak/oswa kowonaviris moun yo. Si pwodwi komèsyal sa yo pa disponib, li akseptab tou pou nou sèvi avèk yon solisyon klowòks 2% fre (anviwon 1 kiyè klowòks nan 1 ka galon dlo). Prepare solisyon klowòks la chak jou oswa jan sa nesèsè.

Ou dwe swiv enstwiksyon ki sou etikèt yo lè w'ap sèvi avèk dezenfektan yo pou asire ke viris ou sible yo byen mouri. Sa gen ladan tan kontak ki apwopriye (sa vle di, kantite tan yon dezenfektan dwe rete sou sifas yo pou yo bay rezilta), ki gen dwa varye ant senk ak dis minit apre aplikasyon an. Dezenfektan ki vin sou fòm sèvyèt mouye yo pral gen tan kontak ki efikas ki ekri sou etikèt yo tou.

Pou dezenfektan ki vin sou fòm konsantre, li enpòtan pou nou byen swiv enstwiksyon yo pou fè konsantrasyon ki dilye ki nesese yo pou byen touye viris nou sible a. Ou ka jwenn enfòmasyon sa yo sou etikèt pwodwi yo.

Etap 3: Jete

Mete tout gan ak lòt bagay pou jete ke yo te fin itilize yo nan yon sache ke ou ka mare fèmen anvan ou jete yo ak lòt fatra. Lave men w avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn imedyatman apre ou fin retire gan yo oswa itilize yon dezenfektan pou men ki a baz alkòl ki gen omwen 60% alkòl ladan si savon ak dlo pa disponib. Ou dwe itilize savon ak dlo si men w sal yon fason vizib.

Kowòdinasyon Depatman Sante Lokal

Operatè yo ta dwe travay de prè ak LHD yo pou ka jere sitiyoasyon evalyasyon, izòlman ak karantèn yo, ak nesosite lojman pou travayè yo. Operatè ki ap bay lojman pou travayè yo ta dwe kreye yon plan pou si yon gwo kantite travayè bezwen akomodasyon ki separe akoz limitasyon pou karantèn yo ke LHD te enpoze, oswa pou travayè ki bezwen rete an izòlman si yo vin prezante sentom yo. Yo konsidere travayè nan fèm yo tou kòm travayè ki esansyèl, epi yo ka kontinye travay pandan ke yo an karantèn a kondisyon ke yo te ranpli kondisyon ki mansyone anba la yo.

Enstwiksyon sou Evalyasyon

Idantifye pèsònèl ki responsab pou evalye travayè yo epi kowòdone lojman ki apwopriye pou travayè yo ki an karantèn oswa izòlman, jan yo te etabli anba la a epi an kolaborasyon ak LHD yo.

- Anvan travayè yo retounen nan travay la, moun ki ap fè evalyasyon yo dwe revize vwayaj entènasyonal travayè a.
- Yo dwe fè evalyasyon yo pandan travayè yo ap rantre nan espas travay la, ak chak 12 èdtan apre sa.
- Moun ki ap fè evalyasyon yo ta dwe mande travayè yo si yo gen nenpòt sentom ki gen rapò ak COVID-19, tankou tous oswa souf koupe, oswa si yo te ekspoze a nenpòt moun ki swa te teste pozitif pou COVID-19 yo oswa te gen sentom COVID-19 yo.
- Moun ki ap fè evalyasyon yo ta dwe tou verifye si moun nan gen yon tanperati ki pi wo pase oswa ki egal a 100.0°F.

Travayè ki Potansyèlman Te Ekspoze a yon Ka Ke Yo Te Konfime oswa Sispèk Ki Gen COVID-19

Travayè nou pral site la yo ta dwe rete an karantèn prevantif pandan 14 jou lè yo pa nan travay yo sou fèm yo, menm si yo pa prezante sentom yo:

- Travayè ki pandan 14 dènye jou ki sot pase yo te an kontak tou pre oswa bò kote yon moun ki te enfekte ak COVID;

- Travayè ki pandan 14 dènye jou ki sot pase yo te vwayaje nan yon lòt peyi oswa te sou yon bato kwazyè (ki enkli kwazyè sou rivyè yo).
- Nenpòt travayè ke LHD kwè ke yo ta dwe plase yo an karantèn pou rezon prevantif.

Travayè ke yo konsidere kòm pèsònèl esansyèl yo, jan yo te dekrit nan [Avi Medikal Depatman an: Pwotokòl pou Pèsònèl Esansyèl yo Ka Retounen nan Travay yo Apre Ekspozisyon oswa Enfeksyon ak COVID-19 \(Protocols for Essential Personnel to Return to Work Following COVID-19 Exposure or Infection\)](#), ki ranpli kritè karantèn ke yo te dekrit anlè a, ka gen pèmisyon pou yo retounen nan travay yo konfòmman a Avi Medikal Depatman an epi si yo:

- Rete san prezante sentom yo.
- Rete an karantèn lè yo pa nan travay la. Travayè yo ka rete an karantèn nan pwòp kay yo oswa nan yon lokal ke operatè a te chwazi epi ki ranpli kondisyon karantèn LHD yo.
- Si li difisil pou fè separasyon 6 pye ant travayè ki esansyèl yo pandan yo an karantèn, yo ka mete travayè ki esansyèl yo an karantèn nan yon veyikil pou divètisman, yon chanm motèl/otèl, lakay yo nan pwòp chanm yo, elatriye.
- Konte sou LHD yo ak konpayi travay yo pou konble nesesitye ki esansyèl yo tankou swen sante, manje, medikaman ak lesiv.
- Pase evalyasyon pou tanperati yo ak verifikasyon sentom yo apre yo rive nan travay la, epi omwen chak 12 èdtan apre sa pandan yo nan travay la, epi sipèvizè pwòp tèt yo (sa vle di, pran tanperati, evalye sentom yo) de fwa pa jou lè yo pa nan travay la. Operatè yo dwe gen tèmomèt ki sou plas pou fè verifikasyon tanperati yo.
- Mete yon mask ki kouvri figi yo lè yo an prezans yon lòt moun.
- Sispann travay imedyatman epi enfòm sipèvizè yo si yo devlope sentom ki konsistan ak sentom COVID-19 yo. Yo ka konsilte LHP sou pwochen etap ki mansyone anba la yo.
- Yo ta dwe priyorize tès pou travayè esansyèl ki gen sentom yo.

Travayè Ke Yo Te Konfime oswa Sispèk ki Gen COVID-19

Travayè ki te teste pozitif pou COVID-19 yo, kit yo te prezante sentom COVID-19 yo ou pa, ak travayè ki te prezante sentom COVID-19 yo, tankou tanperati ki pi wo pase oswa ki egal a 100.0°F, tous, oswa souf kouke, ta dwe rete an izòlman epi yo pa gen pèmisyon pou yo retounen nan travay la pandan omwen 10 jou, oswa konfòmman a nenpòt enstwiksyon medikal eta oswa federal ke yo te pibliye apre enstwiksyon sa a.

Travayè ki an izòlman yo dwe:

- Rete izole nan pwòp chanm yo ak pòt yo fèmen;
- Itilize pwòp twalèt yo, si sa posib. Si konpayi travay la ap bay lojman pou travayè ki afekte a(yo), tanpri travay ansanm ak LHD ou a pou ranje jan pou izole travayè a(yo) de lòt moun yo.
- Pran sipèvizyon nan men LHD jan ki apwopriye; epi
- Jwenn bezwen ki esansyèl yo tankou swen sante, manje, medikaman, ak lesiv.

Travayè ki izole yo pa ka retounen nan travay yo jiskaske:

- Omwen 10 jou te pase depi lè sentom yo te parèt pou premye fwa, EPI
- Omwen 3 jou (72 èdtan) te pase san lafyèv epi san itilizasyon medikaman ki ap bese lafyèv yo, EPI
- Sentom respiratwa yo, ki enkli tous ak souf koupe, te amelyore.

Enstwiksyon pou Lojman Travayè yo

Tout lojman pou travayè yo ta dwe gen distans sosyal ki apwopriye, yo dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon, ak kontwòl ki nesèsè pou evite transmisyon COVID-19.

- Travay ansanm ak LHD yo pou evalye epi mete travayè yo nan lojman ki apwopriye yo baze sou enstwiksyon ki anlè a.
- Loje travayè yo nan pi piti gwoup posib yo.
- Mete distans ant kabann yo ki omwen 6 pye apa.
- Ogmante ayerasyon nan tout espas lojman yo, ki enkli espas salon ak chanm a kouche, kwizin ak sal a manje, ak twalèt ak douch yo, lè nou ap ouvri pòt ak fenèt yo, si tanperati deyò yo agreyab.
- Mete sou pye mezi distans sosyal yo pou tout espas plizyè moun itilize yo, tankou planifye itilizasyon espas sa yo an divès gwoup.

Kondisyon Abri Izòlman/Karantèn Jeneral yo

- Separe chanm a kouche yo, ak kapasite pou fèmen pòt yo ak enstalasyon twalèt ki separe pou chak moun oswa gwoup familyal.
- Aksè ak yon lavabo ki gen savon, dlo, ak papyè ijyenik.
- Limite entèraksyon ak lòt moun ki pa nan yon gwoup familyal.
- Limite itilizasyon espas moun pataje yo.
- Bay materyèl pou fè netwayaj yo, pa egzanp, sèvyèt pou netwaye kay yo.
- Yo dwe livre manje yo nan lojman moun nan.
- Bay mask pou kouvri figi pou moun yo.
- Yo dwe mete fatra yo nan sachè epi kite yo deyò bò kote pòt chak lojman pou yo ka ranmase yo regilyèman. Li pa nesèsè pou gen jesyon espesyal.
- Yo dwe mete sou pye yon sistèm ki pou kontwole tanperati ak sentom yo pou fè evalyasyon nan lojman kote moun rete yo.

Pou Plis Enfòmasyon

Sit Entènèt COVID-19 Depatman Sante Eta New York la:

- <https://coronavirus.health.ny.gov/home>

Lis Depatman Sante Lokal yo:

- https://www.health.ny.gov/contact/contact_information/

Sit Entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention):

- <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/>

Enstwiksyon FDA yo pou pwodwi alimantè, jesyon pwodwi alimantè yo:

- <https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/mcm-issues/coronavirus-disease-2019-covid-19-frequently-asked-questions>

Resous ak Entèkansyon Cornell CALS COVID-19 la:

- <https://cals.cornell.edu/covid-19-response>